
 RAGAD ADVERTENTIE:
 Kabar premili: 1 - 30 temboeng f 1.-
 Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi
 kirang: f 0,50.
 Advertentie limrah: f 0,15 sagaris:
 (apes: f 1,25).
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-
 pisan, oetawi moendoet dados lengganan,
 tepang rembag roemijin kalijan admini-
 stratie.
 Hoofdredacteur:
 B. SOEMARNA
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

== Medal saben dinten Djoemoewah. ==

 REGNIPOEN LENGGANAN
 SWARA TAMA
 1 taon f 6,- } njoewoen kabajar
 1/2 " f 3,- } roemijin.
 3 woelan . . . f 1,50 }
 Adrèsiipoen Redactie lan Administratie
 IGNATIUS-COLLEGE
 DJOKJAKARTA.
 Telefoon no. 885.

 Drukkerij „Canisius” Djokja.

PRADJA RAHAJOE.

KABETAHAN OEMOEM.

Manoengsa poenika titah ingkang kedah kekantjan, mila boten anggoemoenaken, manawi sasampoenipoen wonten bebrajatan, ladjeng wonten doesoan, kita lan pradja.

Brajat, doesoan, kita lan pradja poenika oepaminipoen babadan, tijing satoenggal-toenggalipoen ingkang minangka gegelitanipoen, oetawi brajat lan sapanoenggalipoen poenika oepaminipoen pakempalan, tijing satoenggal-toenggalipoen poenika warganipoen.

Pakempalan makaten wonten toedjoenipoen. Kados déné pradja poenika toedjoenipoen inggih poenika kawiloedjengan oemoem (tijing sapradja). Dados sadaja warga (tijing sapradja) inggih kedah merlokaken prakawis poenika. Wontenipoen kapoelisèn poenapa poenika oegi amrih kawiloedjengan oemoem.

Jèn kabetahan pijambak boten saged toemindak sareng kalijan kabetahan oemoem, kabetahan oemoem karoemijnaken, toeladaniipoen: koela gadah sabin tilaranipoen tijing sepoeh, lohipoen sampoen boten wonten ingkang njamèni, dados oepami dipoentoembas pinten atoes kémawon, koela boten angsal. Woesana Nagari karsa damel bêteng wonten ing ngrikoe, oetawi damel sepoer langkoeng ing ngrikoe. Poenika sarèhné kanggé kabetahan oemoem, koela keda h njadé sabin koela waoe boten kénging soewala. Masti kémawon Nagari paring karoegian, nanging ing ngrikoe tetéla, manawi kabetahan oemoem langkoeng kaperlokaken katimbang kalijan kabetahan koela.

Sarèhné koela sadaja poenika sami soemedia ngadjengaken tanah, mila boten kénging kasoepeñ dateng prakawis poenika.

Jèn koela sami gadah pakempalan (toemrap kadang katoelik: P.P.K.D., P.K.W., K.W., W.K., P.L., Roekti Woeri, Dalangbond lsp.) ladjeng kedah èngget manawi poenika toedjoenipoen oegi kawiloedjengan ngakatah. Mila oepami kabetahaning pakempalan waoe boten saged toemindak sareng kalijan kabetahan koela pijambak, kabetahaning ngakatah waoe karoemijina, samanten poenika manawi saged. Manawi boten saged makaten, dipoenpeksaa inggih boten saged. Oepaminipoen: Pakempalan poenika betah pangrèh, koela kapilih dados pangrèh. Koela mbatos: „Jak ngoendak-oendaki gawéan, dongé énak tengok-tengok, tjaloné dikon mrana-mrana.” Poenika manawi koela pantji soemedia ngoedi madjengipoen tijing Djawi, meksa koela tindakaken dados warga pangrèh. Kedjawi ta jèn boten saged margi sakit lsp.

Pakempalan betah arta kontriboesi. Koela mbatos: „Jak éman-éman doewité. Dianggo toekoe bakmi oetawa dianggo ndelok bisoskoop rak loemajan.” Sanadjan éman, koela kedah meksa dateng badan koela pijambak, awit kabetahaning ngakatah kedah karoemijnaken.

Pakempalan betah serat kabar. Koela boten kénging moengel: „Jak éman-éman doewité!” Poenika namanipoen boten mikir dateng kabetahan oemoem.

Pakempalan ngwontenaken studiefonds. Jèn koela moengel: „Nragadi sekolah wong lija koewi perloené apa? Kana dadi prijadi, ja kepénaké moeng dipèk déwé” poenika mratandani, manawi koela namoeng mikir dateng badan koela pijambak, boten ngertos bilih laré waoe sasampoenipoen tamat sinaoe, saged dados panoentoening bangsa. (Masti kémawon badé njakolahaken laré mawi dipoenwragadi déning studiefonds poenika kedah milih laré ingkang kénging kapitadjeng).

Milanipoen pakempalan poenika katah ingkang mendlap - mendlip, djalaran katah tijing ingkang taksih

langkoeng merlokaken dateng kabetahanipoen pijambak katimbang kabetahanipen ngakatah. Manawi dipoentakèni: „Kowé apa ja seneng nèk kéné ki merdika?” Wangsoelanipoen: „Ja koewi sing dakimpimpi rina wengi.” Nanging manawi dipoentadani kontriboesi oetawi jatra lengganan, moengel: „Jak kéné boetoeuh déwé djé!”

Ing nginggil sampoen koela terangkaken: Manawi boten saged babar bisan inggih kabetahanipoen pijambak karoemijnaken, oepaminipoen: saweg pados jatra kanggé betak kémawon sampoen klabakan, mangka ngriki inggih loewé saéstoe. Poenapa inggih jatra ladjeng kanggé ngoeroeni studiefonds? Temtoenipoen boten. Nanging ingkang kados makaten poenika awis kelampah. Ingkang limrah, oepami poeroen inggih saged, nanging roemaos éman, ladjeng pados santolan sarta tjirjos bilih boten saged saéstoe.

Ing golongan kita katoelik, oepami boten katah ingkang roemaos éman tjoejtjoel arta kanggé kabetahan oemoem, masti pakempalan kita sampoen mepeng, sampoen gadah pamoelangan pinten - pinten lsp.

KASOESASTRAN.

KANGGÉ NGINDAKAKEN KAWROEH.

(basa Djawi).
 Ing Sw. Tam. no. 24 koela sampoen ngrembag temboeng-temboeng ingkang sapoenika kanggé ing basa Krama pijambak, ing basa Ngoko pijambak, nanging roemijin lintalintoe, amargi dèrèng wonten basa Krama.

Temboeng Ngoko ing sapoenika, ingkang asalipoen saking Djawi Kina, poenika limrahipoen kala roemijin inggih langkoeng kerep dipoenanggé, kadosta:

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Djawi Kina ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ꦧꦸꦱꦏꦶ (Dj. K. ꦧꦸꦱꦏꦶ) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

ka), amargi katah ingkang ing samangké boten kanggé.

Temboeng Djawi Kina kalijan Sansekritanipoen poenika kanggénipoen ing basa Djawi Moeda warni kalih: 1^o Temboeng Sansekrita kanggé Ngoko, Djawi Kina kanggé Krama. Poenika tjatjahipoen namoeng sakedik, kadosta:

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Sansekrita 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (S. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

2^o kosok-wangsoel, Sansekritanipoen kanggé Krama, Djawi Kina kanggé Ngoko, kadosta:

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Sansekrita 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺)

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (S. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺)

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (S. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺)

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (S. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺)

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (S. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺)

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (S. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺)

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺 (Dj. K. 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺) - 𑀧𑀺𑀓𑀫𑀺

oetawi 3 ingkang kadjabah niti priksa wontenipoen sedaja tjélèngan. Soepados sampoen ngantos wonten goeroe ingkang klelegen arta tjélèngan. Awit tjepengan jatra poenika pantjèn roempil saéstoe. Mila kantja goeroe ingkang badé ngadjengaken bab tjélèngan, koela atoeri ingkang langkoeng ngatos-atos, sampoen ngantos kesronggot tjélèng ingkang ngemoet bénggol.

Rapat anggota P. P. K. D. (Pakempalan Politiek Katholiek Djawi) pada hari 15 boelan Juni 1930, jang dilangoengkan di vergaderzaal R. Kath Europeesche School Muloweg Soerakarta,

mendengar pembittaraan-pembittaraan dalam rapat tersebut tentang hal endochlusie dari Holl. Inl. Onderwijs Commissie dan pendapatan Verbondsbestuur P.G.H.B. akan hal itoe,

menimbang, bahwa pendapatan Holl. Inl. Onderwijs Commissie itoe sematamata merintangki kemadjoean r'iat Indonesisa jang pada waktoe ini kelihatan sangat haesnja kepada pengadjaran jang sempoerna, mendengar,

bahwa Verbondsbestuur P.G.H.B. (Perserikatan Goeroe Hindia Belanda) di Soerakarta telah memboeat motie ta' setoedjoe akan pendapatan Holl. Inl. Onderwijs Commissie,

memoetoes, a. menerangkan setoedjoenja kepada motie P.G.H.B. tersebut. b. menjampaiakan motie P. P. K. D. afd. Soerakarta ini kepada Verbondsbestuur P. G. H. B. di Soerakarta dan menjarkan motie ini kepada pers. dan melandjoetkan pembittaraan.

KABAR SAKING K.B. BLITAR.

Rerembagan ing parepatan warga Kweekschool Bond Blitar ingkang sampoen kapengker poenika, ingkang patoet koela tjatet ing riki i. p. motie bab particuliere onderwijzers (essen). Poenika kenging koela tjekak makaten:

Katah goeroe sekolahan partikelir ingkang roemaos boten gadah pangadjang-adjang minggah pangkat dados: schoolopziener, djalaran vereeniging-vereeniging waoe boten sami ngwontenaken opziener pijambak, awit sekolahan partikelir ingkang pikantoe subsidie sampoen kapriksa déning ingkang wadajib saking goepermèn.

Kadjaw i poenika Kg. Goepermèn ngantos sapriki boten naté moendoet goeroe saking sekolahan partikelir kadadosaken Schoolopziener; kang mangka pangadjang-adjangipun sadèrèk wedalan kweekschool namoeng dados poenika. Dados jèn makaten pangadjang-adjangipun sadèrèk goeroe ing sekolahan partikelir nihil.

Margi poenika ladjeng katah ingkang njoewoen dateng Goepermèn, nilar sekolah partikelir.

Inkang makaten waoe ndjalari soesahing sekolahan partikelir, kepaksa ngoepados goeroe énggal malih. Soepados prakawis ingkang makaten waoe sageda sirna, K.B. Blitar oesoel dateng V.B. P.G.H.B., njoewoena dateng Goepermèn: soepados goeroe-geroe wedalan kweekschool ingkang moelang ing sekolahan partikelir, ingkang pikantoe subsidie djangkep, (tegesipoen jèn H.I.S. inggih subsidie H.I.S., Standaard-school subsidie Standaard-school lsp.) sageda kadjoendjoeng dados schoolopziener déning kg. Goepermèn.

Saking panginten koela saged oegi, djalaran Inspectie inggih ngoeningani kawontenaning goeroe-geroe ing sekolahan partikelir ingkang pikantoe subsidie.

Koela namoeng toemoet ndongakndongakaken.

Heriot ing ngandap ketèwèl.

VARIA.

POENAPA AJEM SAËSTOE?

Koela sampoen naté njoemerepi wonten prijantoen (kagolong agoeng) ngatoeraken kawontenanipoen bahawhipoen wonten ing ngarsaning pangnginggilanipoen. Makaten atoeripoen:

„Dalem ngatoeraken kawontenaning kantja alit ing bawah dalem, soepados andadosna kawoeningan Dalem.

Menggah gesangng kantja alit ing gegebangan dalem ngriki kenging kawastanan sakétja, ajem tentrem, boten naté kekikiran teda. Katanda saben doesoan sampoen gadah banda ingkang kalangkang katah, ingkang sami kasimpen ing kantor bang. Kadosta: Inj doesoan Anoe tjelènganipoen samanten ewoe, doesoan Anoe samanten ewoe enz, enz, sadaja doesoan goenggoeng kempal gadah tjelèngan samanten atos ewoe.

Poenika dèrèng ingkang woedjoed pantoen wonten ing loemboeng; sadaja goenggoeng samanten ewoe datjén.

Katahing: Lemboe dasa, maésa dasa. Saladjengipoen ngantos anggaloe. Sadaja namoeng

woedjoed kasaénan, boten wonten awonipoen.

Goemoen koela poenika gèk perloenipoen kémawon poenapa? Djer barang saé poenika boten perloe katjoenggoel-tjoenggoelaken rak inggih badé katingal pijambak.

Njatanipoen anggepipoen ingkang ngatoeraken waoe: Nèk akoe matoer mangkéné mesti bandjoer tanpa dawoeh: „Goed, kowé bolèh diharap naik pangkat.”

Oepamia koela ingkang dados pangnginggilan boten makaten. Inkang koela tingali boten tjelènganipoen doesoan-doesoen: nanging:

a. Kantor bang. Saben taoen bebatènipoen sahohah. Genah kantja alit sregep andjempol (ajamboet bang). Kados-poendi gesangngipoen tijang ingkang kerep pados samboetan. Rekaos, prijantoen.

b. Grija pagantosan. Saben taoen batinipoen satékroek. Tjeta kantja alit sregep toewi pak Gedé. Rekaos poenapa boten prijantoen?

c. Loemboeng doesoan. Saben pantoen kawedalaken (kasamboetaken), tijang-tijang kemroeboet. Sakedap kémawon bet; bet; telas, kapara kirang. Poenika inggih kenging kanggé titikan kados-poendi gesangngipoen kantja alit.

Wasana masa borong.

P. T. T.

KAWONTENANING OMOER-OEMOERAN.

Wantjinipoen manoenngsa wiwit lair wonten ing donja doemoegi sepoeh poenika, jèn dipoentitèni, wonten péranganipoen:

1. Goemlitis, tjemoetjoet, koemratoe-ratoe lsp. (sataoen . . . 8 taoen).

2. Toewoeh boedi. (9 doemoegi 16 taoen).

3. Ngangkat brahi. (birahi) 17 doemoegi 24 taoen. Kadosta: brahi njandang-nganggé lan sapanoenggilanipoen.

4. Mempeng oetawi moeseng dateng kadonjan. (soegih) 25 doemoegi 32 taoen.

Tjemoetjoetinggih saweg loetjoe-loetjoeipoen, (sadaja tijang soemerep seneng) sapolah-tingkahipoen boten wonten ingkang dipoenwaoni. Koemratoe-ratoe, tansah badé préntah.

Goemlitis inggih poenika, tansah tis-tisan, boten saged kèndel. Tjaktjek, mak-mek. Wonten poenapapoenapa koemédah-kedah mendet. Trekadang beling, (petjahan gendoel, glas) dipoen-gémbok. Rongèh boten saged anteng, tansah sil-silan. Klampah oegi sok saged damel pitoena, ngrisakaken. Oepami: mendet gradji oetawi lading, sandjanganipoen badé ndandosi koersi oetawi sanèsipoen. (Dados antawisipoen 1 doemoegi 8 taoen wonten wantji ingkang kawastanan: roemoesak tangan). Ingriki tijang sepoeh kedah awas, sampoen katloempèn; nanging sampoen sereng-sereng.

Mila, kados laré jèn kaliten (kenèmen) sampoen mlebet sakolah, kapinteranipoen mesti kantoen kalijan ingkang sampoen langkoeng sepoeh, awit sapolah-tingkahipoen kapenggak lan kerèh, boten kenging boten, kedah manoe oetawi noeroet. Nanging sakedèp nètra kémawon sampoen sasat boten mradoeli. (adakanipoen dados malah gebeg).

Ing mangka kados-poendi, sapoenika laré wiwit oemoer 6 taoen, teroes kawoelang (tanpa Frobelt roemijin). Tjebi kawaspadakna, laré oemoer 1 doemoegi 8 taoen poenapa saged anteng? Jèn manoe kodrating PANGÉRAN, prajoginipoen laré wiwit sakolah oemoer 9 taoen, awit ingrikoepantjèn sampoen wantjinipoen wiwit medal (toewoeh) éngetan oetawi pikiranipoen. Sadaja djempolan-djempolan poenika anggéné saged rak sampoen sepoeh oemoeripoen, angsalipoen sami sinaoe. Kadjaw i ingkang djan mbloer oetawi goblog temenan.

Déné jèn sampoen langkoeng saking 32 taoen poenika adat kalimrahanipoen sampoen kendo, nglokro. Saladjengipoen sok wangsoel dateng salah satoenggal. Mila wonten ingkang pikoen oetawi kawastanan kapilaré, noesoeh, spn.

Jèn wonten salah satoenggiling tijang sampoen loengsé wantji, mangka taksih remen oetawi poeroen mikir, poenika tandra sanget jèn petjajah nalar loemèngkè. (Pr. A. Th. Edison sampoen joeswa sapinten). Adatipoen tijang kados makaten poenika saged dados poedjanga oetawi sanèsipoen sabangsanipoen. Nanging noen inggih pinten procent kémawon ingkang saged klampah.

Loegoenipoen jèn dipoen-gagas tijang poenika ingkang saged sepoeh, kendo, nglokro: badan. Pikiran lan pikadangan kados boten poeroen. Tandaniipoen: wonten satoenggiling tijang sampoen sepoeh (loengsé wantji) slepènipoen isi pangilon

boender. La tjobi kanggé poenapa poenika?

Nitik nginggil oemoer brahi wiwit 17 doemoegi 24 taoen. Dados poenapa tijang oemoer 32 taoen sapaninggil boten kenging aiket blangkong, djas djeblagan adasèn.

Pamanggih koela noen inggih kengang-kenging kémawon angger boten angenèm-enèmi. Kados ta: rasoekanj djeblagan tjemeng adasi petak. Djeblagan petak, adasi tjemeng. Makaten saladjengipoen ingkang saged angsal semoe, boten tjelèh. Djeblagan tjemeng kedah èngèt kaproeanipoen; ngiring (oemat) temantèn, poenapa ngiring lajon.

Milanipoen koela matoer makaten, awit kala mangsa wonten oeleman ingkang mawi pranatan bab anggénang (agem-ageman). Mangka ingkang dipoenolemi boten namoeng para nèm-nèman kémawon.

KAKI TOEWA.

Katerangan wewahan ing bab laré wantji 1 taoen doemoegi 8 taoen.

Anak koela nalika oemoer antawisipoen 8 taenan, remenipoen dateng kapoer lan potlood nglangkangi dateng jatra. Médja, kori, koersi, saka sami dipoenorèk-orèk, wonten wangoen endas kéwan, iroeng pétroek, locomotief, auto oetawi bus, lan sapanoenggilanipoen. Soewèkan tanggalan sebètan dipoenklempakaken, swalikipoen dipoen-gambari oetawi dipoenangkani. Sandjanganipoen kartjis peken.

Jèn dipoensoekani tjoewilan kretas boten djamak bingahipoen, inggih poenika preloe kanggé orèk-orèkan. Dipoensoembasaken sabak lan grip malah dados tedaning rajap.

Jèn dipoenkèn njerat oetawi nggambar, alèngkak-lèngkok boten poeroen. Nanging manawi wonten tijang mlebet sentong étok-étok tilem oetawi nggarap damel, ladjeng nggèrèt koersi ngadep médja, oerek-oerek.

VAN LITH - STICHTING. POENAPA woelan poenika Pandjenengan sampoen ambajar Contributie V. L. S.? Pangrèh V. L. S. Bjjz. H. I. S. MAGELANG.

Saka-saka, pipi kori dipoentèmplèki gambar-gambar goenting saking catalogus oetawi gambar saking sanès.

La, poenika jèn laré. Jèn dipoenpitakèni, sapa sing ngorèk-orèk koersi iki maoe, namoeng mèsam-mèsam. La, sarèhné bisa ngorèk-ngorèk, ija bisa ngresiki. Hara djadjal ndjoepoek gombal kanggo ngoesapi, bèn ilang. Poenika inggih manoe. Nanging béndjing-éndjing, noen inggih dipoenorèk-orèk malih.

K. Tw.

„KINDERVRIEND”.

Poenapa ta tegesipoen titel ing nginggil poenika? „Kindervriend” tegesipoen mitranging laré-laré, dados ingkang prajogi sanget kanggé laré-laré (moerid-moerid).

Déné ingkang kanggé titel mekaten poenika „Courant” ingkang kawedalaken wiwit tanggal 1 Juli poenika. Menggah ingkang damel adada ngwontenaken Courant waoe, inggih poenika Padoeka Rama Sebastians, ingkang djoemeneng pangèning para Katholiek ing Blitar. „Kindervriend” poenika kawedalaken kanggé moerid-moerid ing pamoeangan andap: pamoeangan andap Welandi H. C. S. H. I. S. angka kalih lan sekolahan doesoan. Sarèhning kanggé laré ingkang kenging kawastanan boten sami basa (kabetahaning sinaoe maos) mila isining „Kindervriend” waoe, inggih kanggé basa tigang warni: Welandi, Djawi lan malih basa Mlajoe.

Serat kabar waoe kadadosan saking dlanjtang kawan kebèt, ingkang kalih kebèt kanggé tjarijos basa Welandi, ingkang sakebèt basa Djawi, sanèsipoen kanggé basa Mlajoe lan kaperloean sanèsipoen ingkang perloe-perloe. Déné tjarijosipoen ingkang basa Djawi oegi kaserat nganggé aksara Latijn.

Déné toedjoening „Kindervriend” waoe: I. Soepados moerid-moerid saged maos lanjah lan ngertos soeraosipoen. Mila isinipoen kapilih ingkang sa-

POESPITA MANTJA WARNA.

BABAGAN MISSIE. MADAGASKAR.

III.

Tjatjahing tijang priboemi ingkang Katoelik goenggoeng kempal sadaja wonten 369.000; poenika mirid petangan ing taoen 1927. Dados ing samangkènipoen sampoen saged mindak malih; awit nitik koepija lan kawontenanipoen ing samangké tijang priboemi kagebak ratjak sampoen boten kipa-kiapa babar-pisan ing atasipoen agami Katoelik; mandar katingal sami moeloeng sanget, sami kapi adreng badé tjandoek lawoeng kalijan para oetoesan Dalem.

C. Gesangngipoen tijang priboemi Katoelik.

Sarèhning ing wingi ngoeni tijang priboemi poenika goegon-toehon sanget, tan kandat anggénipoen sami wiloedjengan, poenapa déné goemampil sanget ing prakawis idjab liripoen manawi tijang djaler lan pawèstri sampoen raji kema karesnanipoen oetawi manawi toekar paben sawatawis, tetangsoeling idjab gampil kapedotaken alijas ladjeng sami pegatan, poenapa malih wajoeh poenika boten klebet ing wewaler, kakongang-kéngingaken kémawon, pramila toemrapipoen para Imam oetoesan Dalem ing sakawitipoen rekaos sanget badé anjirnakaken goegon-toehon poenapa déné njampoernaken lan moeljaken idjab, soepados tijang priboemi sampoen pegatan oetawi wajoeh malih; éwasamanten ing saselot-selotipoen inggih saged, lan ing sapoenikanipoen kawontenanipoen sampoen adamel mareming manahipoen para missionaris. Prakawis pegatan oetawi prakawis goegon-toehon awis sanget, sampoen mèh boten katindakaken babar pisan déning para tijang Katoelik. Gesangngipoen ratjak-ratjak sami salaras kalijan anggering Pangéran lan Pasamoewan Soetji; dateng pangandika lan piwoelangan para Imam angemen-emenaken sanget; kerep sami sowan Grédja, ngaken dosa lan kerep anampi Panoenggal Soetji, poenika boten namoeng trimah ing dinten Ngahad oetawi dinten ageng, nanging oegi ing dinten nglangké, dinten sanèsipoen. Moegi-moegi kawontenanipoen Missie Djawi makatena oegi; moegi sadèrèk Djawi Katoelik oegi sregepa sowan ing Grédja tampi paoenggil Soetji boten mligi ing dinten Ngahad lan Rijadi, nanging oegi dinten sanèsipoen. Ing sapoenikanipoen kerep sanget kalampah: ing dinten nglangké Grédja Djawi mèh prasasat soewoeng bloeng;

ingkang andèrèk Koerban loehoer Mis Soetji kenging kapétang.

Kadjaw i poenika tijang Madagaskar Katoelik inggih kasoengangan waktak wantoening rasoel, sami kapidereang anggénipoen badé toemoet-toemoet amijaraken kratoning Sri Nata Jesoes Kristoes; pramila ambijantoe sanget dateng rama Imam, ngwontenaken pakempalan social mawarni-warni, ingkang saged anggendèng sadèrèkipoen ingkang sami dèrèng ngrasoek Katoelik. Katah ingkang sami katarik; boten kirang tijang priboemi sagolongan oetawi sadoesoen lan sadoekoeh ingkang ladjeng ngatoeri rama Imam, perloe njadong piwoelang Dalem oetawi ingkang ladjeng sami jasa Grédja pijambak kados ingkang sampoen kelampah oegi wonten ing Goentoer-Geni bawah Gandjoeran ing Ngajogjakarta. Pangadjang-adjanging Djalaran: moegi-moegi sadèrèk Djawi Katoelik, langkoeng-langkoeng para prijantoen goeroe ing pamoeangan Missie lan sanèsipoen, saja mindakmindaka ingkang katoemoesan wateking rasoel, ingkang aggdadahi djatining raos Katoelik, sami poeroena ambijantoe para Imam oetoesan-Dalem, toemoet-toemoet amijaraken karaton-Dalem, ngwontenaken pakempalan „social” mawarni-warni, ingkang saged moerakabi golongan Katoelik lan golongan sanès, poenapadéné ingkang saged anenarik sadèrèk koela Djawi ingkang taksih moek-moekan wonten pepeteng, dateng djatining Pepadang soemoenan, ingkang anelahi sadéngaha tijang ingkang poeroen. Missie Madagaskar sageda dados katja-benggalanipoen Missie Djawi. Manawi tijang Madagaskar, ingkang sami noenggil rah kalijan sakoela sadaja tijang Djawi, katjogggah samanten, boten adjrih angoerbanaken baoe lan arta perloe angadjangaken Missienipoen, poenapaa sakoela sadèrèk Djawi Katoelik, badé kantoen. Soemangga sami tjantjoet tali-wanda, namboet kardi sesarengan anggajoe idamidaman kita adi loehoeng amijaraken kraton Dalem Sri Nata Jesoes Kristoes wonten ing noesa wotoeh rah koela, noesa Djawi — „Soemangga, soemangga, sadaja ingkang sami sar-djoep sampoen ngantos kantoen.” Makaten pangowehipoen Djalaran.

Sanès dinten ngladjenngaken Madagaskar malih.

DJALARAN.

kinten tjotjog kalijan basaning moerid-moerid waoe.

II. Kanggé nggigah manahipoen laré-laré, soepados sami djor-djoran kalijan moerid-moerid ing pamoeangan sanès, ingatasipoen prakawis saé. Mila ing „Kindervriend” inggih asring isi karangan bab kawontenaning pamoeangan ingkang saged nggoegah manahlpoen moerid-moerid dateng prakawis waoe, sarta menawi wonten karanganing laré, ingkang saé, kenging kalebetaken ing „Kindervriend”, kanggé nggajoeh toedjoe waoe, ngiras ngagengaken manahipoen, lan minangka gandjaraning padamelanipoen laré waoe.

III. Dados srana pamersoedi. Mila ing ngrikoepantjèn wonten tjarijos ingkang saged nggendèng manahipoen laré-laré dateng tindak oetami, oetawi moerih nggeting piawon.

IV. Damel senenging manahipoen moerid, sarana dongèng ingkang loetjoe-loetjoe, dongènging satokéwan, wit-witan, wajan, lan dongèng kina sanèsipoen.

„Kindervriend” poenika kawedalaken sewoelan kaping kalih, tanggal 1 lan 15, déné reginipoen mawimaw i sekolahipoen.

Laré setoenggal ing H. C. S. oet. sekolahan Welandi f 0,10.

Laré H. I. S. setoenggal f 0,05.

Laré angka kalih oet. sekolahan doesoan setoenggal f 0,02, sadaja waoe ing saben woelan.

Milanipoen soemangga para sadèrèk (para poerika) sami ngendikakna bab poenika dateng para moerid, kadawoehana toembas serak kabar: „Kindervriend”. Ingkang ngerusakaken kenging moendoet prof-nummer roemijin jèn boten lenggan kedah kawangsoelaken, jèn boten kawangsoelaken kaanggep lenggan. Artanipoen njoewoen kabajar roemijin.

Adrèsipoen: Pastoeri BLITAR.

Déné jèn badé nglebetaken tjarijos (kabar) ingkang tjotjog kalijan ingkang kasebat ing nginggil, inggih dipontampi tangan kekalih, kanti gening atoe panowoen.

Ing woensana sadèrèng-sasampoenipoen, koela matoer noewoen dateng para tjalon lenggan, sarta ingkang karsa nglebetaken kabar ing „Kindervriend”.

Pamoedji koela moegi-moegi serak kabar énggal, „Kindervriend” poenika sageda widada lan soeboer gesangngipoen kanti wiloedjeng.

Gendari Manah.

KOEMAWANI NEMPOEH ABANG-ABANG.

Nalika tanggal 30-6-'30 wantji djam 7.30 sonten, margi lori rosan ingkang nradjang margi ageng ing antawisipoen Kartasoera — Poerwasari, wonten lori momot rosan badé kabekta dateng suikerfabriek Kartasoera (Gembongan). Kotjapa, lori doemoegi satenggang margi, ageng toekang djagi gerdoe sampoen masang ting ingkang akatja abrit dipoenatjoengaken ing tengah margi. Doemadakan hoenjoeg-hoenjoeg montor A. A. no. do ré mi fa saking kilèn. Nanging mas Sopir ingkang ambeg koemalloengkoeng kami-poeroen nratas ing sisih kiwa. Ananging montor boten saged teroes tindak, trimah saré wonten ing margi tram Solo-Bajalali. Mas Sopir mandap sarwi ngadja paben kang djagi gerdoe. Oengalipoen: Wong awèh tanda kok ana pinggir.” (O! Mas Sopir bok adja sok moering-moering, wong sing loepoet dèwèké dèwè djé, semang moering-moering. Bok nèk njopir adja sok ngantoe, moendak noemboek-noemboek).

Tanpa tédèng aling-aling: Roekanta.

CORRESPONDENTIE.

Heriot: toenggilipoen minggo ngadjang. Bab abonné 566, adrès pangénan koela leres; expediteur ingkang lepat; sampoen dipontjarijosi; sanèsipoen matoer noewoen!

— Abon. no. 685, teroes dipoenkintoeni; sad. Sap. dèrèng, badé kakintoenan.

— sad. Oentoeng minggo ngadjang.

712. Kados-poendi kintoenanipoen f 1,50. Poenapa sampoen kaeroes? R. Padmaséwaja Boengkal Panaraga: pandjenengan nomer pinten—.

Gerah dalem I S. K. S. Rama.

Ngarsa dalem Pius XI, sawatawis dinten kapengker gerah, sapoenika sampoen dangker.

Rembagipoen para dokter ngarsa dalem kaatoeran ngaso, lan nilar Roem sawatawis dangoenipoe.

Missietoonstelling.

Salebetipoen woelan Djoeni, ing Vaticaan wonten missietoonstelling ageng-agengan, mitontonanen pisoengsoeng-pisoengsoeng ingkang kaoendjoekaken dateng K. S. Rama, ing salebetipoen taoen-sèket taoenan dalem. Barang-barang ingkang kapitononanen, katjarijos katah pigoenanipoen toemrap Missie.

Tentoonstellikg poenika waoe kapitononanen tiyang katah, ing salebetipoen sawatawis woelan.

Missie ing tanah Tjina.

Kala taoen 1901, vicariaat ing Peking wonten djiwanipoen Katholiek 38559.

Taen 1916, adegipoen Apost. Vicariaat Paoting Foe, sarta kapisah saking Peking, djiwanipoen 76.196. Koekoeban Peking ladjeng kapérang-pérang.

Th. 1912, adegipoen Apostol. Vi-

cariaat Tientsin, djiwanipoen 47.432.

Taen 1922, adegipoen Apost. Prefectuur ing Lyhsien djiwanipoen Katholiek 28.575.

Taen 1926, adegipoen Apost. Vicariaat Soeahoeafoe, djiwanipoen Katholiek 27.644.

Taen 1929, adegipoen missie Yhsien djiwanipoen Katholiek 2.490. Peking pijambak gadah djiwa Katholiek 277.966.

Dados djiwa Katholiek ingkang kala taen 1901 wonten 38.559, sareng taen 1929 wonten 406.694.

Imam bangsa Tionghoa ingkang soewaoe 30 saged dados 215; waenipoenan wonten Grédja 11, dados 130, kapellen ingkang waenipoen 115, dados 1414; sakolahan ingkang waenipoen 125 dados 1.726.

Audientie.

Ngarsa dalem K. S. Rama nampi pisowanipoen mgr. Aerts ing Nieuw Guenia, ingkang ladjeng ngatoeraken pakarjanipoen missie ing tanah waoe. Ngarsa dalem ngalembana déné ing atasipoen Nederland ingkang boten sapintena katahipoen djiwa Katholiek, kok katah ingkang pikantoeke timbalan njamboet damel wonten missie.

KABAR OEMOEM

INDONESIA

Onderwijsraad.

Toewan J. Toot bédjng sawangsoelipoen saking perlop dateng Éropah, kaangkat dados gedelegeerd lid ing Onderwijs raad. Toean G. Boswinkel, sapoenika gedelegeerd lid Onderwijs, kaangkat dados adviseur voor de handleiding wonten salebeting departement B. B.

Djawi — Polen.

Tilpoen radio tanah Djawi dateng Polen, wiwit tanggal 27 Juni, kabikak kanggé oemoem.

Dangoening omong-omongan tiyang menoet waragad f65, langkoengipoen saking tiyang menoet kedah mbajar f21,70 saben same-noet.

Pandhuisdienst.

Wiwit tanggal 1 Djanowari 1931, grija-grija pagantosan ing afdeling tanah Batak gewest Tapanoeli, Balige, sami katoetoe. (Ladjeng grijanipoen pagantosan sami kadamel poenapa? Red.)

Inlandsche Meerderheid.

Paréntah ngadjengaken rantjangan wet toemrap éwaping wedkal wiwit toemapang dadapoeken Volksraad tjara énggal (Inlandsche Meerderheid); kaoesoelaken wiwit toemapak tanggal 15 Juni 1931.

Assistent kebon dipoen-gliti.

Dèrèng dangoe poenika, ing onderneming Lima Poeloes wonten assistent kebon bangsa Roelstan, anama Boris Dynine, pénananipoen djéndral Dynine, dipoen-gliti koeli bangsa Djawi lebetipoen ngantos 13 m. Prakawisipoen: kaengetaken anggènipoen mlebet kasèb.

SAKING NGAJOGJAKARTA.

P. P. K. D.

Parepatan warga kala 28 lan 29 Juni, amoetoes: 1. Sad. Darga kaangkat dados komisaris hoofdbestuur. 2. Statuten dipoenéwahi ngantos sadaja tiyang Priboemi Katholiek ing Indonesia saged katampèn dados warga. 3. Nama P. P. K. D. sapoenika ateges: *Perkoempoelan Politiek Katholiek di Djawa*. 4. P. P. K. D. badé toemandang ngadjengaken onderwijs sarana ngadani stichting sareng-sareng kalijan P. K. W. lan P. W. K., kanamakaken: *"Nationale Onderwijs Stichting 'Trijoso'."* 5. Ngawontenaken partij discipline babar pisan mawi dispensatie. 6. Ngedegaken spaarfonds; 7. Njawaengaken candidaat Volksraad: 1. I. Kasima, 2. L. Sarman lan 3. Rm. Soejadi.

P. K. N.

Ing Ngajogja wonten parté énggal, anama *Parté Kawoela Ngajogjakarta*, dipoenpangarsani B. P. A. Soerjadiningrat.

Studieopdracht kanggé adjunct landbouwconsulent.

Salebeting afdelingsverslag katjarijosaken bilih katah warga sami neda soepados salebetipoen taen 1931 poenika wontena adj. landbouwconsulent satoenggal oetawi langkoeng ingkang kakitoenaken dateng Nederland preloe sinaoe.

Warga Raad van Indie.

Bédjng Agoestoes poenika, delèr A. J. L. *Couvreur* kèndel saking anggènipoen dados lid Raad van Indie.

Déné ingkang anggentosi tjalonipoen t. van Sandick goepernoer Soematra Wétan ingkang tjalon wangsoel saking prelop. (*Het Nieuws*).

Mr. Koesoemo Soemantri.

Mr. Koesoemo Soemantri, katepaken kaboeotjal dateng Banda.

Tijang oemoer 120 taen langkoeng.

Tijang sepoeh anama Kasan, ing doesoen Sambang, Batang, katjarijos oemoeripoen sampoen langkoeng saking 120 taen, nanging badanipoen taksih kijat sanget, boten ompong, boten boedeg, boten la-moer. (*Warna Warta*).

Baji anèh.

Ing doesoen Soember Nanas, (Kesambèn) Kediri, kawatros wonten tiyang nglahiraken anak èstri soekoenipoen sakawan, tangan sakawan, koeping tiga. (*Sin Tit Po*).

Studieclub Indonesia.

Pandjenengan sampoen kerep mireng, Ind. Studieclub Soerabaja badé ngedegaken gedong Nationaal. Malah kanggé adegung gedong waoe pikantoeke dananipoen tiyang Indonésier ingkang namanipoen kanggé wados, katahipoen f 30.000.

Kala dipoenpitakèni wakilipoen *Ind. Court.*, dr. Soetomo voorzitter Studieclub mratélakaken bilih Studieclub waoe njamboet damel wonten salebeting kalangan economie lan sociaal. Djanganipoen studieclub badé ngedegaken gedong Nationaal ingkang saged soeka toentoean panggoela-wentah batos lan lahir toemrap economie, industrie toewin dagang dateng tetijang Indonésiah wonten ing poendi-poendi. Pasitèn ingkang dipoenpang gedong Nationaal djemberipoen 8000 M².

Woedjoedipoen gedong Nationaal Soerabaja, tjalonipoen ageng, lotèngipoen kanggé Bank Nationaal. Ing ngandap dipoenpranata kados grija pakempalan soedijan papan seneng-senengipoen para nénéman ingkang taksih sakolah, dipoensoekani ngongrongan kanggé njamboet damel, kadékèkan piano, lss. Kiwa tengening gedong dipoensoekani paviljoens, ingkang satoenggal papan pangetjapanipoen s.k. Swara Oemoem, satoenggalipoen kanggé bibliotheek oemoem. Saoeroeting Peterstraat dipoenpang toko djédjèr-djédjèr, isi padaganganipoen tetijang siji. Ing papan sanès, oeroet wates, dipoenpang grija-grija sakolahan, kénging kaséwa sakolahan-sakolahan partikelir gadahanipoen tetijang siji. Pakawisan ingkang tengah ladjeng kaanggé papan main tennis, mawi dipoensoekani gapoera éndah. Sangadjenging hoofgebouw dipoenpang pendapa, soedijan papan parepatan, kraméjan, pista mantèn, lss. Pendapi poenika waoe wonten sambetanipoen kalijan hoofgebouw ngantos manawi wonten tetingalan tiyang saged ningali saking pendapi. Ing pakawisan nglebet dipoenwonteni bioscoop blak-blakan preloe kanggé mitontonanen prakawis kasarasan oet. prakawis sanès, ingkang tjalon pikantoeke bijantoenipoen Diens Kasarasan. Grija-grija sakolahan waoe manawi ngleresi liboer, kaséwakaken kanggé preloe sanès.

Waragadipoen kanggé ngedegaken gedong, manoe rantjangan

f 150.000, lan saponika sampoen wonten arta f 50.000. Sataoen engkas, gedong saged rampoeng; ngadeg.

Oelam saganten, ageng.

Satoenggiling djoeroe misaja oelam ing Tjilatjap saged noembak oelam ageng, wawratipoen 6 datjin, kasadé padjeng f 30. (A. I. D.)

Prov. Djawi Tengah kedah saged ngirid f 50.000.

Saking Betawi wonten dawoeh winados, salebeting kalangan B. B. Priboemi ing prov. Djawi Tengah kedah saged damel pangiridan f 50.000. Ingkang kadjabah ngioehaken Goepernoer.

Sampoen kaoesoelaken srana-srananipoen ngirid, oep. patih dipoen-sampiri pandamelanipoen wedana, ladjeng aseseboetan: patih-wedana. Kawedanan ingkang sampoen wonten patihipoen, kamanah boten preloe dipoenwonteni wedana. Margi makaten waoe ing Djawi Tengah tjalon wonten tirahan wedana 20. Nanging wedana waoe boten ladjeng dipoenkèndeli; kapindah dateng papan sanès ingkang kénging dipoensoekani wedana. Patih ingkang sampoen telas denst-ipoen ladjeng dipoenpeksa kedah pènsipoen, dipoen-gentosi wedana ingkang sampoen njekapi dienst-ipoen kanggé benoeman. Lowongan boepati lan residèn boten kasesa - sesa ladjeng dipoenisèni.

Residènan-residènan katah ingkang éwah. Afd. Biora, Rembang, Pati, kadadosaken satoenggal, resident-ipoen manggèn ing Rembang. Afd. Grobogan, Djepara lan Koedoes kadadosaken satoenggal, resident-ipoen manggèn ing Koedoes. Afd. Semarang, Kendal lan Demak, kadadosaken satoenggal, resident manggèn ing Semarang. Banjoemas Lèr lan Kidoel, ingkang sapoenika gadah resident pijambak-pijambak, tjalon namoeng dipoensoekani resident satoenggal. Semanten oegi Kedoe lan Wanasaba, resident-ipoen manggèn ing Kedoe.

B. B. Priboemi boten badé gampil neda pindah. Neda pindah ingkang margi kasarasan, anakipoen boten saged sakolah Walandi, . . . lss., boten badé kaparengaken.

Nanging, . . . sadaja prakawis ing nginggil waoe taksih kaanggé wados. (*Bahagia*).

Assistenten mindak bajaripoen.

Sawenèhing onderneming sata ageng, manoe tjarijosipoen *Deli Courant* damel sirkoelèr dateng para assistènipoen asoeraws wiwit tanggal 1 November taen poenika, nasipipoen badé kasaèkaken. Semanten oegi administrateur, wiwit panénan tjandakipoen poenika blandjanipoen ingkang soewaoe f 675, kairidaken dados f 750.

Djaman ngirid, . . . njopot tiyang.

Saking Soerabaja, *Aneta* njarijosaken dajaning pangiridan katingal sanget wonten panggoetan-panggoetan teknik. Droogdok Soerabaja, mentas motjoti poenggawa 300. Du Croo Brauns oegi ngirangi poenggawa.

Standplaatstoelage soeda.

Wiwit tanggal 1 Januari 1931, panggenan-panggenan kaseboet ing ngandap poenika, standplaatstoelagenipoen sami soeda, malah wonten ingkang *itjal* babar pisan.

Bandoeng	8	5%
Solo	3	0%
Djokja	3	0%
Tjimahi	5	3%
Betawi	10	8%
Semarang	5	3%
Magelang	3	0%
Bogor	5	3%
Soekaboemi	5	3%

Soerabaja taksih lestantoe sadasa presèn.

Margi soedaning standplaatstoelagenipoen sami soeda, malah wonten ingkang *itjal* babar pisan.

Boven Digoel.

Delèr Hillen ingkang tinanggenah mriksa kawontenanipoen Digoel, njarijosaken kawontenan kasarasan ing ngrika awon sanget, mila pamboetjalan kedah dipoenelih. (*Het Nieuws*).

Preangerbode njarijosaken tjatjahipoen baji lahir ing Digoel ing satoenipoen wonten 120. Kalijan larèlaré alit sapoenika sampoen wonten 2.142 tiyang. Koran waoe ngoewatosaken manawi larè-laré waoe ketoelelan méras saking tiyang sepoehipoen. *Preangerbode* mastèkaken pamboetjalan ing ngrikoe: *itjal*. Nanging boten sadaja tiyang boetjalan kaantoekekaken; wonten ingkang dipoenpindah, wonten ingkang kawangsoelaken.

Pamedalipoen Nagari soeda 20 mlijoen.

Doemoegi wekasanipoen woelan April, goenggoeng kempalipoen pamedal Nagari wonten f 182.519.526; mangka doemoegi wekasan April taen kapengker pamedal waoe goenggoeng wonten f 202.448.270., dados *soeda 20 mlijoen*.

Katrimah iksamenipoen.

Mejuff. Welter, poeta delèr Welter, Vice-president Raad van Indie,

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

BEGROOTING NAGARI TAOEN 1931.

Nalika koela ngrembag „Pangiridan taen 1931” ing Sw. T. no. 20, koela mawi tjarijos:

„Tjoepeting waragad Nagari makaten tjara alitanipoen sami kalijan tjoepeting arta salebeting grija oet. kumbang. Manoe wèting boedi leres, brajat makaten waoe *langkoeng roemijin*, kedah njidikaken wedaling artanipoen. Wedaling arta ingkang boten patos perloe, oet. boten perloe babar pisan kedah dipoenitjali, apes kasoeda. Dados boten kok ladjeng teroes manah kepriè enggonkoe ngemodakaké pametoe?

Angoegemi wawaton poenika, koela mrelokaken andjingleng *wedaling arta* ingkang andjalari Nagari ladjeng ngopados *indaking pamedal*, sarana *ngindakaken paos warni-warni*.

Ing ngriki pandjenengan kedah boten kesoepèn bilih wedaling arta waoe, toemrap *Paréntah* sampoen *mesi* kapanggali perloe sadaja.

Kosok-wangsoelipoen, para ingkang ketaman, mesi boten wegah njatikèkaken wedaling arta ingkang kamanah boten patos perloe.

I. Kaseboet ing *Financieele Nota*, pamedalipoen Nagari ing taen 1931 karantjang wonten f 517.396.476.

Arta semanten mlijoen poenika, ingkang tjalon kawadalaken kanggé *Oorlog* lan *Marine* kémawon wonten f 135.575.000, oetawi 26,2%^o nipoen arta ingkang katampi (*Oorlog* f 71.738.000; *Marine* f 30.371.000; *Pènsioen kanggé militèr* f 33.466.000).

Manawi pandjenengan mriksani rantjangan *wedaling arta* sadaja wonten f 517.079.332, pandjenengan saged métag wedaling arta kanggé *Wadyabala* waoe, mèh wonten 25%^o nipoen uitgaven sadaja.

Soemerep wedaling arta kanggé *karisakan Samodra lan Daratan* samanten katahipoen, kawoela ngriki saged katoewoehan pitakènan: „*Apa wetoening doewit kanggo Marine lan Oorlog samono kehè, koewiora kena diirid satitik-titika? Apa ja pantjen perloe tenan njantosakaké Marine lan Oorlog?*” Djaréné: *ngèsti tentreming bawana*. Apa arep madani Djerman lan Frankrijk kang angrantjang wetoening doewit kanggo wadyabala ing tn. '30 ± f 350 joeta, lan f 300 joeta?

Manawi koela satitikèkaken, mindaking wedalipoen rantjangan wedaling arta kanggé barisan Laoetan lan Daratan waoe, wonten 7 mlijoenan toemandja kanggé pirantos-pirantos perang énggal: ndandosaken baita perang, montor maboer, lss.

Manawi ingkang sampoen *keldjeng* dipoen-garap makaten, barang sampoen keladjeng, boten dados poenapa! Ingkang koela *goemoeni* poenika déné kok ndadak ngrantjang ndandosaken énggal malih, oep.: 6 *grootte verkenmers*, 6 *kruiservliegtuigen*, 25 *reserve motoren*, kanti regi langkoeng saking *kalih mlijoen* roepijah.

II. Kantor Statistiek.

Waragad tjap-tjapan kairidaken f 23.000. Toembas mesin énggal 3 kanggé tjatjah-djiwa-dagang (3 *nieuwe automatische controleapparaten* voor handelsstatistiek).

Poenapa poenika, inggih boten kénging kairid, oet. kasarantosaken?

III. B. O. W.

Ing Djember, badé dipoenpang *pakoendjaran énggal*, tjekap tiyang 500 — 600, ragad f 200.000.

Poenapa poenika inggih boten kénging kasandèkaken? Djaré dèk taen '20 bloewèn-bloewèn isi wong koendjaran 57.000, saiki *moeng*: 40.000?

* = Bajang-bajang sepanjang badan.

Europ. *Kweekschool*. Soerabaja pikantoeke gedong énggal, wragad f 50.000. Bandoeng dipoenpang *Eur. Lagere School A*, waragad f 70.000.

Jèn waragad gedong E. L. S. Bandoeng kasoeda, kasamèkaken kémawan kalijan waragad *Eur. Kweeksch.* Soerabaja, . . . ateges saged ngirid pinten?

Ing Soerabaja dipoenpang gedong énggal kanggé poenggawa personil militèr, ambtenaar, biro, goedang kanggé marine, tangsi kanggé onderzeedienst, lss. nelasaken waragad f 480.000 lan f 795.000 . . . Poenapa poenika inggih boten kénging kasandèkaken, oet. kairid?

Ing Weltevreden, dipoenwonteni grija gedong hoofdcommissariaat van politie . . . waragad f 300.000, . . . poenapa poenika inggih perloe *saestoe*?

Kanggé andandosi oet. andamel kreteg lan margi, karantjang nelasaken waragad f 5.479.000. (kala taen 1930 karantjang f 4.471.000, . . . dados mindak *samljoen* langkoeng). Anggènipoen mindak samanten waoe katjarijosaken kanggé *ngaspal* (asfaltèring).

Nanging, poenapa inggih boten kénging dipoenirid, oepami satengah mlijoen kémawon?

IV. Arta kékésahan.

Kanggé wragad kékésahan papriksa, nginsepksi lss. ing salebetipoen nagari (binnenlandsche reizen der ambtenaren) para prijantoe dipoensoedijani arta *kawan welas mlijoen* roepijah. (Dados poenika waragad buitenlanschereizen dèrèng kapètantang).

O, . . . poenapa poenika inggih boten kénging dipoenlongi??

Tjekak, manawi dipoenlesihaken teksih katah rantjangan wedaling arta ingkang pantjenipoen kénging kasoeda oet. kasrantosaken.

Anggènipoen Nagari ngrantjang tjalon mewahi *grija pagantosan* 50 langkoeng, poenika sami kémawon kalijan angkeni *kamlarataning kawoela* ing ngriki.

Ewadéné sanadjan sampoen pirsas kados makaten, kamlaratan waoe taksih *dipoenimbeti* sarana kairidaken sasanggènipoen paos!

Mila, anteping manah koela teksih tetep kados ing *Ontjèn* no. 20, . . . kirang-kirang begdjanipoen, anggènipoen

Paréntah ngawontenaken pangiridan (tegesipoen: *ngindakaken paos*), saged dados paran toetoehan *nglemèni widji Roesland*.

Nagari pirsas *terang* „Pametoekoe tjaloné soeda. Nanging [kénging poenapa ndadak ngrantjang toembas barang *awis*, ingkang pantjen kénging kasrantosaken?

Poenapa patrap makaten poenika boten kénging kawastanan *njontoni awon* dateng tiyang Indonésiah ingkang kerep kaoengelaken „ora bisa njekel doewit, marga enggonkoe ngetokaké loewih akèh tinimbang tampanè?” Manawi Nagari saged toetoe-toetoe: „*Zet de tering naar de nering*”*) kedah inggih noeladani sampoen ngantos kalebet ing babasan: „*Besar pasak dari pada tiang*.”

Kumingsasélé 29 Juni '30.

Taklim: *Patjar Mèrah*.

N. B. Ontjèn no. 26, temboeng ngalah ing pérangan rede Koesoema Oetayan (nginggil), leresipoen ngolah. (*corrector*).

nembé poenika katarimah anggènipoen nempoeh doctoraal examen in het Nederlandsch Strafrecht, wonten nagari Walandi.

Lindoe.

Tilgram *Aneta* saking Padang tanggal 27 Djoeni, njarijosaken: angleresi ngadjengaken djam sada, lan djam 11.20, wonten lindoe santer kaping kalih. Redi latoe Merapi, koekoespoen katah sanget.

Kongsi film Tionghoa.

Kawartos ing Batawi wonten kongsi film Tionghoa énggal anama *Chung Hua Film Corporation*. T. Tam Boen Soan tilas redacteur *Keng Po* toemoet dados.

Houtvester dipoenbetahaken.

Sampoen dangoe nagari ngihtijari soepados katah para nénéman poeroen dados houtvester, pangageng wana.

Tijang wedalan pamoelangan ing Nederland manawi dados houtvester wiwitan saged pikantoeke bajar f 400.

Sasampoenipoen njamboet damel 6 taen, pikantoeke blandja f 600 sawoelan, lan kalih dasa taen malih

saged pikantoeke bajar f 1.100.

Manawi ladjeng saged dados inspecteur pikantoeke bajar inggilinggilipoen f 1.250, manawi dados dienstvakhoofd f 1.350, déné manawi ladjeng saged dados hoofinspecteur blandjanipoen f 1.500.

Pendak 6 taen sapisan, houtvester saged angsal prelop 8 woelan dateng Europa lan inggih pikantoeke verlofsoelalaris.

Manawi panjamboet damelipoen sampoen kalih dasa taen, sampoen pikantoeke wewenang pènsipoen.

Wragad postpakket soeda.

Wragad postpakket saking tanah ngriki dateng Nederland, Suriname, wiwit tanggal 1 Djoeli poenika dipoenedakaken.

Parésidènan ing Priangan Kilèn.

Residentie Priangan Kilèn, ingkang kadadosan saking afd. Soekaboemi lan Tjandjoer, manoe pamirengipoen *Preangerbode* bokmanawi kémawon badé dipoenitjali. Tjandjoer ladjeng badé kalebetaken Priangan Tengah, déné afd. Soekaboemi kalebetaken fad. Buitenzorg.

Receipt²

ER
R
C
E
E

APOTHEKEN

Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT KANGGÉ SALEBETIPOEN
NGAJOGJAKARTA.

Sepeda-sepeda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer. HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin. TOURIST: A. A. sarta A.

Sedija oegi sepeda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG. Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.— saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perkakas koentji sarta wadah lisah.

Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk: ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus. Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen tosan sarta tjèt wënter.

PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN. Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélani-poen kalajan lelahanan.

Njenjadang Welingan.

Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:

„WIRIOSOESENO”

Lodjketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran Swara Tama

dapat POTONGAN.

PAKOLEH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W.

Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

TOKO BARANG-BARANG
H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN
MOERAH SEKALI!

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF. No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannya.

ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan
BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-
ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electricies, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjengken, harga per pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengan hormat
Toko DJOEN & Co.

TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2½ 1 ½ kilo;

sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

TJÈT GILAP model B, kanggé ndjawi lan nglebet

namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50;

5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R. B. FRIELING
Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.-7.30	Lamah 5.30-6.-8.	Pekalongan ⁸⁾ 7.30	Soerabaja:
Amboina 7.30	Lawang ⁵⁾ 7.	Pemalang ³⁾ 7.30	Kepandjèn 6-7-9.
Bagan Siapi-api 7.30	Madioen 6-7.30	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6-7.30-9.
Bandoeng 6-7.30-9.	Magelang 7-9.	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6-7-8.30.
Benkoelen 7.30-9.	Makassar 6-7.30	Poerworedjo 7-8.30	Tandjoeng Balai 7.30.
Blitar 7.30	Malang 6-7.15-8.30	Pontianak 7-8.30	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6-8.	Manado 6-7.30	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon 7.30	Medan 6.30-8-8.30 (tjina).	Salatiga 7.30	Tara-Tara 7.30.
Djember 7.30	Medari ⁶⁾ 7.30	Sambas 6-8.30	Tegal 6.30-8.
Djokja:	Meester Corn. 7-9.	Sambong 8.	Tering 7.
Kampementstraat Eur. 7-9.	Jav. 6-8.	Sawah Loento 7-8.30	Tjilatjap ⁹⁾ 7.30.
Kota Baroe 6-7.30	Mendoet 6-7.30	Sedajoe 7.	Tjimahi 6-8.
Djombang ¹⁾ 7.30	Modjokerto 6-8.	Sedjiram 5.45-8.30	Tomohon 7-8-9.
Fort de Kock 7.30	Moentilan 5-6-8.	Semarang: 8.	Wates ⁷⁾ 7.
Gandjoeran ²⁾ 7.	Muntok 8.	Gedangan 6-8.	Weltevreden:
Gombong ³⁾ 7.30	Ngawi ⁷⁾ 7.30	Bangkong 6.30-8.30	Waterlooplein 5.45-7-9.
Keboemèn ⁴⁾ 7.30	Padang 7-8.15-9 (tjina).	Tjandi 7.30	Kramat 6-8-9 (mal.).
Kediri 7.30	Padang Pandjang 7.30	Randoesari 7-9.	Wonosobo ⁸⁾ 7.30.
Klatèn 7.30	Pajakoembo 7.30	Singawang 6.30-9.	Woloan 8.30.
Koeta Radja 6.30-8.	Palembang 7-9.	Soekaboemi 6-7.30	
	Pasoeroean ¹⁾ 7.30	Heuvel 5.30	

1) 1e. Achad. 3) 2e. Achad. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad.
2) 1e. + 3e. Achad. 4) 1e. Achad tiao² doea boelan. 6) 2e., 4e. Achad. 8) 3e. Achad.

SADÈRÈK MARTAWIHARDJA
PINDAH SAKING SOLO.

Wekdal samangké wonten kasoetan kan-tja goeroe. Solo oegi katoet kekasoet. Hem, sadèrèk Martawihardja kapeksa nilar kita Soerakarta margi kapindah dateng Djatinom.

Gotrah Katholik Djawi ing Soerakarta tebah-tebah dada, sambat „wadoeh” ping pitoelikoer.

Sadèrèk Martawihardja ageng sanget lelabetanipoen dateng kadang Katholik ing Soerakarta. Koela boten badé ndjèrèng lelabetanipoen waoe, mindak katah ingkang kalangkoeangan.

Ningali kentjenging salira, pangageman, komplit sapitipoen pisan, katingal manawi sadèrèk Martawihardja boten adrijh bentèr, boten adrijh grimis. Oeger wonten preloe, bledoeaga, djebloga preloe waoe katjèk-kapaken. Mangka toemrapping sadèrèk Martawihardja, ingkang nama preloe poenika boten namoeng mèlikipoen pijambak; sinten neda toeloeng, kasagahan.

Sampoen, sadèrèk Martawihardja mindak mèsem!

C. C. S. L. ndèrèkaken soegeng ing Djatinom manggiha lerem, tentrem, ajem!

Menawi ketagihan njamboet damel, sadèrèk Klatèn sampoen wonten ingkang ngraosi.

C. C. S. L. MOELAT.

MANTJA NEGARI.

HINDOE. Èbah-èbahan Gandhi.

Gandèng kalijan palapoeranipoen Commissie-Simon, i. p. Commissie Ingkang tinangganah manah èwah-èwahan grondwet kanggé Indija inggris, tilgram Bintang Timoer kala 24 Juni njarijosaken: palapoeranipoen Commissie Simon andjalari boten senengipoen tijang-tijang, inggih ing kalangan politik, oegi ing kalangan serat kabar Hindoe. Ing serat kabaripoen kaem kabangsan amastani rapport waoe „document kekedjaman.”

TIONGKOK. Anggajoeih katen-treman.

Tilgram saking Shanghai tanggal 29 Juni, njarijosaken wonten pa-

wartos Djepang saking Moekden, amratèlakaken bilih Chang Hsueh Lang nilgram dateng Chiang Kai Shek soeraosipoen pitakèn poenapa saroejdjoek ngawontenaken papang-gihan perloe ngawontenaken bedamèn angèndeli anggènipoen sami paprangan.

Tetijang ingkang katah-katah sami andjagèkaken badé toemoenten wonten bedamèn.

Sanadjan tilgram ing nginggil poenika dèrèng kantenan njatanipoen, nanging samangké poenika kénging ginagapan kala mangsa prajogi pijambak kanggé ngawontenaken roeroekoenan. Ingkang makaten waoe ngèngeti margi paprangan ing Honan Lèr andjalari pepesipoen wadyabala Negari lan oegi wadyabala Lèr. Shantoeng dados nang-nanganipoen Chang Hsueh Liang, sarta Feng Yuh Siang ladjeng kaangkat dados goepernoer wonten ngrikoe.

Chang Kai Shek toemandang sa-èstoe soepados para bankier Tionghoa sami njoekani arta sadasa mljoen dollar pendak woelan ing salebetipoen kawan woelan, perloenipoen sageda damel menanging barisanipoen. Nanging para bankier sami boten sagah, sagedipoen ngalem-pakaken goenggoeng kempal namoeng sadasa mljoen dollar.

Prakawis pambajaran inggih ka-oendoer, margi arta patandon telas kanggé moedjoedaken obat-obat.

PORTEGAL. Oendang perang.

Gandèng kalijan sipating pogokan koeli-koeli palaboehan, baita, ladjeng kados déné damel gègèr, ing Malaga katetepaken wonten oendang perang. Toko-toko dipoenineb. Tijang andjadjah, atoesan ingkang sami kasesa wangsoel énggal-énggalan dateng baitanipoen. Panoentoening pogokan katjèng.

Poelisi ngoemoemaken pikantoeik dawoeh njirep oebaling gégèran. (Aneta Radio 27 Juni).

PALESTINA.H Communisme.

Communistische Internationale anetepaken nandangi saèstoe actie kominis ing Palestinah, medal bangsa Arab.

BOLIVIA. Brontakan.

Buenos Aires. 26 Juni Aneta Reuter. Pawartos saking Laplaz lan Bolivia njarijosaken tetijang mentas sami paprangan memantjahi djéndral Kundt beveldheberipoen wadyabala Nagari. Djéndral poenika waoe ladjeng ndawahaken aba ngoengelaken sandjata, andjalari pedjahipoen tijang 34 (djaler, èstri lan laré). Ingkang tateo atoesan. Tetijang ladjeng sami arak-arakan, mawi ambekta majit-majit waoe. Katah tijang ingkang katahan, nanging margi kentjenging censuur boten saged mratèlakaken sapinten tjatjahipoen.

Tilgram saking Laplaz martosaken: wadyabala damel hantjoeripoen parèntah, malah presidènipoen loemad-jeng nilar tanah ngrikoe.

Wonten tilgram malih njarijosaken wadyabala sami tjampoeh kalijan poelisi adamel pepedjah lan tateo pinten-pinten. Anggènipoen ngantos tjampoeh waoe margi para wadyabala sami moering kabekta saking anggènipoen poelisi damel pepedjah katah sanget. Soldadoe-soldadoe boten poeroen ngidèni para minis-ter mlebet ing gedong-nagari. Tilgram tanggal 29 njarijosaken wadyabalanipoen Kundt Chef Generale Staf bangsa Djerman (sampoepedjah) kaoesir wadyabala infanterie lan artilierie, studenten, tijang limrah sami sikep dadamel, dipoenpang-gengi djéndral Banco Galindo moerid Franche militaire academie ing St. Cyr.

KLEERMAKER ACHMAD

TAMBAKSEGARAN

SOLO

Pantji soedija kanggé para kakoeng mawi modèl warni-warni; oegi nampi welingan badé roepi-roepi.

DAMELANIPOEN NÈTJES:

ÈPAHANIPOEN PANTES.

EIGENAAR ACHMADJASIN

DRUKKERIJ „CANISIUS”

DJOKJAKARTA

MENTAS AMBABAR BOEKOE:

Mangrasoel krida sarana sembahjang, isi 48 katja, regi namoeng f 0.17, kalaras lan djamanipoen, garapan saé toer nètjis.

Soemangga para sadèrèk koela atoeri énggal moendoet, mindak kasesa telas, djalaran namoeng ngetjap sakedik sanget.

Manawi moendoet 25 idji angsal soedan	5%
50 " " "	10%
100 " " "	15%
500 " " "	20%

ING DRUKKERIJ „CANISIUS” NJENJADANG WELINGAN.